



KAYE
WYAJÈ
VANYAN

L'Institut para las Mujeres en la Migración, AC (IMUMI)

L'Institut para las Mujeres en la Migración, AC (IMUMI)

KAYE
VWAYAJÈ
VAN YAN

Kaye sa se pou:



Instituto para las Mujeres en la Migración, AC (IMUMI) / Enstiti pou Fanm nan Imigrasyon (an kreyòl) se yon òganizasyon sosye sivil ki ankouraje dwa fanm yo nan imigrasyon nan yon kontèks meksiken kit y'ap viv nan kominote orijin yo, yo an tranzit oswa y'ap viv nan peyi Meksik ou byen nan peyi Etazini.

Nou prepare materyèl sa se gras a sipò Ministè Federal Alman pou koperasyon Ekonomik ak Devlopman (BMZ), Biwo Popilasyon, Refijye ak Imigrasyon (PRM), Bischöfliches Hilfswerk MISEREOR ak Fondo Semillas.

Enfòmasyon sou IMUMI.

© Instituto para las Mujeres en la Migración, AC

Ciudad de México


Telefòn (52) 55 5211 4153

Twitter: @IMUMIDF

Facebook: IMUMI AC

Instagram: @IMUMI_MX

YouTube/Vimeo: IMUMI



Idantite mwen

W'ap vwayaje atravè Meksik? Se pou ou mwen ye. Jounal pèsònèl vwayaj ou, kidonk ou ka chifonnen mwen, ekri sa w vle ak nan espas ou vle a. Mwen pral rakonte ou kèk bagay epi mwen espere ke ou di mwen de ou menm tou, konsatou mwen konnen sa pral sèvi w pou si ou rive nan yon lòt peyi oswa si ou retounen nan peyi w. Mwen espere ke ansanm nou pral amelyore lavi nou.

An nou youn konn lòt!

Sa nou pral fè an premye se chèche konnen ki moun nou ye, mwen prezante m deja, kounye a, pale m de ou !

Kijan w rele ?

Kijan w vle pou yo rele w ou byen kijan pou yo di w ?

Ki laj ou ?

Nan ki peyi ou fèt ?

Nan ki peyi ou prale?



Ekri oswa desine yon istwa ou nan espas sa a:

Ou te konnen...lè w pile teritwa meksiken, ou jwi tout dwa ki etabli nan lwa siprèm nou, ki rele Konstitisyon? Ladann yo di ke “tout diskriminasyon ki motive pa orijin etnik oswa nasyonal, jan ou, laj, andikap ou... oswa nenpòt ki lòt ki vyole diyite moun ou epi pou objektif anile oswa febli dwa w ak libète moun ou entèdi”, men sepandan toujou gen anpil diskriminasyon, epi gouvènman an gen obligasyon pou konbat sa.

Seksyalite mwen:

Mots croisés sur la sexualité

Nan jwèt mo kwaze sa konsèp prensipal yo sou seksyalite, oryantasyon seksyèl ak idantite sèks ke nou tout n'ap viv epi pou sa yo pa ta dwe diskrimine w.

Vètikal

1.- Se kondisyon biyolojik ak anatomik ke yon moun genyen. Sa parèt sou fòm yon pijon (grenn) oswa yon bouboun.

2.- Se sa sosyete a atann pou yo sa yo ye a, ki aji ak panse ak youn moun ki fèt ak youn bouboun.


3.- Se moun ki tonbe damou ak moun ki gen menm sèks ak yo.

4.- Se moun ki ap viv eksperyans ak rad ou byen atitid, pou plezi ou byen pou travay, diferan de sèks opoze ke yo genyen an.

5.- Se moun ki gen lyen erotik ak afektif ak moun sèks opoze a sa ke yo idantifye yo a.

6.- Se karakteristik ke nou atribiye tankou sosyete a gason ak fanm. Si yo mete koulè woz oswa koulè ble.

7.- Se moun ki idantifye yo ak sèks opoze ak sa yo fèt la epi yo viv li san yo pa fè chanjman nan kò yo.



Orizantal

7.- Se sa sosyete a atann de yon moun ki fèt ak yon pijon (grenn), pou yo aji, panse tankou on gason.

8.- Se moun ki gen lyen ewotik ak afektif ak moun ki idantifye yo ak fanm epi ak gason an menm tan.

9.- Se moun ki idantifye yo ak sèks opoze yo fèt la epi yo pran omon, yo fè operasyon pou yo chanje kò yo pou viv.

10.- Se gason ki gen lyen ewotik, afektif ak lòt gason epi yo ap defann dwa yo an piblik.

11.- Se moun ki vle kraze règ konvansyonèl sèks yo. Yo pa idantifye yo ni tankou fanm, ni tankou gason.

12.- Se lè yon moun ewotize epi li tonbe damou yon lòt moun epi li defini seksyalite li apati de sa.

13.- Se yon moun ki pataje karakteristik anatomik gason ak fanm nan nivo biyolijik.

Verticales :

- 1.- Sèks 2.- Fanm 3.- Omoseksyèl
- 4.- Travesti 5.- Etewoseksyèl
- 6.- Jan 7.- Transjan

Horizontales :

- 7.- Gason 8.- Biseksyèl
- 9.- Transeksyèl 10.- Masisi
- 11.- Queer 12.- Oryantasyon seksyèl
- 13.- Entèseksyèl

Repons

Se konsa mwen viv seksyalite mwen:

Mwen vle prezante w

4 fason pou nou viv ekspresyans seksyalite nou ki konekte a 4 pati nan kò nou.

Idantite

Idantite sèks ou

Fanm

genderqueer

gason

Idantite sèks ou se jan ou santi w an relasyon ak tèt ou. Se fason sa sèvo w entèprete ki moun ou ye. Sa pa lye ak sèks byolojik ou (sèks ou fèt avèk li a)

Ekspresyon sèks ou

Fanm

androjin

gason

Ekspresyon sèks se kijan ou ekspres sèks ou (sa baze sou wòl sèks yo tradisyonèlman). Sa gen pou wè ladann tou jan ou abiye w ak jan ou konpòte w, elatriye.

Sèks biyolojik

Fi

Entèseksyèl

Gason

Sa koresponn ak karakteristik fizik byolojik ou ki make diferans ak tout endividi nan nivo seksyèl, sa gen ladann ògan, òmon ak kwomozom.

Oryantasyon seksyèl

Etewoseksyèl - biseksyèl - aseksyèl - panseksyèl - omoseksyèl

Sa fè referans a ki tip de moun ou santi ki atire w la (fizikman, emosyonèlman, esprityèlman, amourezman)

ekspresyon

Gou mwen

NAN VWAYAJ SA

siman ou pral dekouvri on pakèt bagay sou ou ak lòt moun. Gen bagay anvan ou pat renmen epi kounye a ou vin renmen yo plis. Gen bagay ou pat janm vle ye ou byen fè. Ou te panse sa? M'ap envite w ekri – desine – oswa koupe epi kole:

Kisa ou plis renmen
fè pandan vwayaj sa

Kisa ou pa renmen fè
pandan vwayaj sa

Si w te ka tounen
yon bèt, ki bèt li t'ap
Ye epi poukisa?

Youn ap vin konn lòt pi byen kounye a! Imajine w mwen se pi bon zanmi w, nou pataje tout bagay sa nou renmen, jan nous anti nou, enterè nou, avanti nou epi vwayaj sa; kounye a sa pap difisil pou ou pou w reponn kesyon sa yo:

Ki mizik nou pi renmen?

Nou gen on chante prefere, se ki yès?

Ki gwoup nou pi renmen?

Ki fim prefere nou?

Ki sa nou plis renmen manje?

Ki pi gwo dezòd nou fè?

Emosyon mwen Yo

M'ap envite w' jwe.

Jwenn pèsonalite w, ki relasyon ak sèks ou idantifye w la,
mwa ou fèt ak laj ou. Chawzi sèks ou idantifye w la:



Chawzi sèks ou
antifye w la

Mwa ou fèt:

Laj ou

1.- Mwen se yon gason trè...	Janvyè: angwase/ strese Fevriye : rasyonèl Mas: jenere (ki renmen bay) Avril: lidè Me: santimantal Jen: vanyan Jiyè: emotif Out: aplike	11: men ak anpil pasyans 12: ki bo gason / bèl tifi anpil 13: ak anpil imajinasyon 14: ki rilaks anpil 15: nan kèk okazyon on tijan ipokrit
2.- Mwen pa ni gason, ni fanm men mwen trè...	Septanm: toleran / ki gen konprann Oktòb: malen Novanm: entèlijan Desanm: koperatif	16: se mwen ki mete anbyans nan fèt la 17: men bote m toujou sou mwen 18: mwen trè responsab
3.- Mwen pa ni gason, ni fanm men mwen trè...		

Mwen se:


Se yon fason pou nou amize nou epi pou konnen kijan nou defini yon pèsonalite.

Nenpòt sa ki sanble ak yon reyalyte, se on senp konfyansidans.

Emosyon
mwèn yo valab



M'ap envite w mwèn ta renmen w trase liy pou 30 segond,
pandan w'ap panse nan kesyon sa, kijan mwèn santi m'pandan jounen jodi a?




OU KA MONTRE liy ou yo a lòt jèn yo ki gen yon
kaye tou. W'ap wè gen kèk nan yo ki gen liy ki pi fèm, lòt ki gen liy ki pi
swav. Ou ka menm wè tou kèk trè bbyen bèl ak estetik, nan tout direksyon.
Se yon fason pou nou eksprime emosyon nou. .

Ann pentire emosyon nou

Nou envite w pou pentire yon mandala (yon sèk)*

kote ou pral reflechi sou emosyon ou konnen yo. Imajine yo epi ba yo on koulè. Ki koulè ou ta pentire yo? Yon fwa ou genyen li, kolorye mandala a.



Koulè

Emosyon

*Se on desen an fòm wonn ki gen menm mitan ki gen orijin ni nan kilti “hindu” ak nan “boudhisme”. Yo itilize yo pou meditasyon, sètadi pou ka konsantre lespri w nan yon bagay espesifik.

Gade kijan mandala emosyon w nan bèl.

Ann aprann plis sou yo.

Èske w te konnen ke yo kòmanse manifeste depi lè w te tou piti? Rezoud mo kache sa yo pou nou ka konnen yo.

1. Avèk emosyon sa ou montre amizman, kè kontan, satisfaksyon ki soti nan aktivite kote w'ap pran plèzi w epi ou gen volonté pou ou viv.
2. Se antisipasyon on menas oswa on danje ki pwodui angwas, insètitid, ensekirite, avèk sa ou ka fè diferans danje pa andedan nou ou byen pa deyò nou.
3. Yo konnen li tou tankou kòlè, laraj, move karaktè, se yon agasman ki ap grap grandi, li reprezante ak yon « non » k'ap sonnen ki ape de mete baryè epi li fè diferans ak sa w vle a.
4. Se yon santiman tankou ou lapenn, ou pou kont ou, ou wè tout bagay mal (pesimis), men sa nesèsè paske li ede w rekonèt ke gen yon bagay k'ap fèw mal oswa gen on bagay ki afekte w; li ka gen rapò ak yon bagay ou pèdi, yon moun, ak yon bagay ki fini sik li.

Les émotions primaires

P	D	T	Z	G	I	U	M	V	X	N	Û	J	S
V	E	K	S	F	G	X	V	J	K	J	G	B	Y
L	G	I	O	R	X	B	K	V	B	S	N	X	Q
A	O	N	R	T	N	J	W	A	E	R	A	N	N
R	U	S	P	R	D	Û	C	V	A	Q	B	U	S
K	M	I	R	I	Z	R	C	H	C	P	J	C	D
Q	T	M	E	S	J	I	A	H	B	O	O	H	L
X	O	P	S	T	E	R	R	V	O	C	Q	I	H
L	P	C	A	È	N	Y	L	W	R	K	G	H	I
X	È	Y	Z	S	J	C	F	C	A	V	J	K	R
W	R	D	Z	M	Û	J	S	K	O	L	E	R	U
K	È	S	O	E	L	X	G	L	K	T	N	L	Y
P	Z	C	Y	S	P	Y	F	I	W	V	É	W	J
O	I	J	K	N	A	P	Y	X	A	Q	Y	Y	Q

Jwa kòlè Dejou pèrèz tristès

M'ap envite w pou woulèt emosyon, vire li epi kote li tonbe a, tyeke l. Ki emosyon li ye, reflechi sou li:

Ou santi sa deja yon fwa?

Ki emosyon prensipal sa detone?


Ki emosyon ki kontrè li? W'ap rekonèt li paske li nan lòt bò woulèt la.

Kisa ki te rive w ki jenere w emosyon sa yo?

Koupe woulèt ki anba nan kaye a.

+-----+

Woulèt
emosyon an



Jounen jodi a mwen pral pale w sou anpe ti wòch majik. Sa w dwe fè an premye se gade ozalantou w, si gen ti wòch, chwazi senk ti wòch ou pi renmen yo, swa pou koulè yo oswa pou fòm yo.

ti wòch majik

Lè lannwit rive epi anvan ou dòmi, pran youn nan yo, sonje ke se zanmi w yo ye ou ka rakonte yo tout bagay, kijan w santi w? Kijan jounen w te ye? Ou ka chwazi emosyon ou vle pale de li a. Lè w fin pale ak li, ou pral mete li nan yon lòt kote ki pa menm ak lòt yo. Se ka nan yon lòt pòch oswa nan valiz ou.

Chaz swap andan 5 okazyon, fè menm bagay la, ti kras pa ti kras wòch yo ap tounen vin ansanm. Nan sizyèm jou a, anvan ou dòmi, eseye sonje sa ou te konte chak grenn wòch, siman gen anpil bagay ki chanje, ou menm ou ka chanje oswa ou chanje pozisyon; men sepandan, genyen tou anpil santiman ki ale epi lavi a kontinye wout li.

Mwen ta renmen konnen sa w te di ti wòch yo, ou vle?

Sonje ti wòch ou yo tounen avèk ou. Yo ap akonpaye w epi yo tounen pare pou yo tande w.

MIWA VYOLANS LA

Lè w pa byen ekspriye emosyon w yo, yo ka vin tounen vyolans. Nenpòt ki moun ka pwovoke vyolans, men Òganizasyon Mondyal pou Sante (OMS) siyale ke sa ka rive prensipalman nan yon koup (moun ki plase/ marye). Si w' panse w'ap sibi vyolans, li vrèman enpòtan pou ou chache èd kote ou konnen yo ka ede w, ak moun ou fè plis konfyans epi ak otorite.

Nan figi sa, endike si nan yon moman nan vi w ou fè youn nan bagay sa yo, oswa si yo fè w sa, relasyon sa avèk vi w an koup oswa ak yon moun ki pwòch ou nan vi w.

Nivo	Aksyon	Mwen fè sa	Yo fè m sa
1	Vye blag ki blesan		
	Manti oswa twonpe		
	Inyore moun		
	Veye sou moun		
	Pase moun nan betiz an piblik oswa fè moun menas an prive		
	Kontwòl oswa entèdi		
2	Detwi atik pèsònèl		
	Fè agresyon sou ou / moun pandan w'ap jwe		
	Pouse moun nan ak tout konfyans ou		
	Bay moun kou		
3	Izole oswa fèmen		
	Fè w menas ak yon bagay oswa ak zam		
	Menas lanmò		
	Fòse yon relasyon seksyèl		
	Vyòl		
	Mitile		
	Touye moun		

Sous: IPH ak Inmujeres, 2009

Si ou make yon kazye nan nivo 1 an, vyolans la prezan, li nesèsè pou ou reyaji epi sa pral ogmante. Nan nivo 2 a, fòk ou reyaji epi mande èd. Si ou make yon aksyon nan nivo 3 tankou viktim, kouri, vi w an danje. Pran konsèy sa yo oserye, yo sove anpil vi moun.

Rezo sipò

nan ka vyolans.

li enpògan pou w gen yon rezo sipò; se yon gwoup moun ou kapab konte sou yo, y'ap fè w santi w byen epi y'ap ba w nenpòt ki tip nonsèy oswa èd. Yo ka fanmi w, zanmi w', vwazen w, moun legliz, pwofesè oswa nenpòt gwoup moun kif è w santi gen konpayi, ou an sekirite ak konfyans.

Yo ka ba ou: afeksyon, konfyans, solidarite, senpati, oryantasyon, ak èd materyèl, lajan ou byen kèk lòt sèvis tou. Ou janm poze tèt ou kesyon pou konn ki moun ki se rezo sipò w pandan vwayaj sa?

Di mwen ki moun ki fè pati rezo sipò w, site non yo oswa relasyon yo ak kijan yo ede w. Ajoute kantite sèk ou konsidere ki konvenab pou ou.

Ou wè tout sa ou te genyen bò kote w? Manke kèk lòt kontak? Mete yo kounye a pou w ka elaji rezo w. Pa bliye ke li toujou enpòtan pou w konte sou kontak sa yo nan nenpòt ki ka.



RÈv mwen ak dwa mwen

Ou renmen reve?

Mwen menm wi. Mwen reve anpil jenn moun konfyè m on pakèt bagay, ke mwen akonpaye yo pandan tout vwayaj yo jiskas-
ke yo rive kote yo prale a. Mwen reve y'ap travèse Meksik e key o pa soufri
vyolans; ke yo rive an byen kote yo prale a epi yo gen on meyè vi. Mwen santi
m atache ak anpil, anpil istwa. De kisa ou reve? Ou ka rakonte mwen ki rèv ou?

Kijan ou ta renmen pou mond lan ye?

Kijan ou ta renmen pou fanmi w ye?

Kijan w reve pou zanmi w yo ye?

Kisa w ou ta renmen ye lè ou vin gran?

Ki lòt rèv ou genyen?



Pou ka reyalize rèv sa yo, egziste dwadelòm.
Pandan tan w'ap pase Meksik la, ou konn kisa
dwadelòm yo ye? Dwadelòm se tout kondisyon
gouvènman yo dwe etabli pou nou reyalize rèv
sa yo epi pou nou viv ak diyite. Sètadi pou
nou ka reyalize nou tankou moun.

Dwadelòm fè pati moun kèlkeswa koye yo sòti, kote yo prale, so yo pale
yon lòt lang, si koulè po yo diferan, so yo se gason oswa fanm, si yo gen
lòt oryantasyon seksyèl, yo inivèsèl. Okenn moun oswa gouvènman pa
ka kite nou dwa sa yo, yo vwayaje ak nou. Si yo vyole yon dwadelòm,
sa ap domaje tout lòt yo.

Dwadelòm yo enskri nan Deklarasyon Inivèsèl Dwadelòm. Pou nou menm ki
jèn e ki poko gen 18 tan li enskri tou nan Konvansyon sou Dwa Timoun, yon
dokiman ki oblije gouvènman peyi yo garanti dwa sa yo. Si yon fwa ou panse
ke paske ou nan yon nouvo peyi ou pa gen dwa, efase lide sa yo nan tèt ou
epi li pi bon pou w ka konnen yo.




Jwenn lwa nan peyi Meksik ki garanti dwa moun ki imigran, ki' y'ap sòti Meksik, ki' yo de pasaj oswa li yo retounen sòti nan yon lòt peyi.

Lwa imigrasyon

Lwa jeneral sou dwa timoun ak adolesan

Lwa sou Refijye ak pwoteksyon konplèmantè epi azil politik nan Meksik

Konstitisyon Politik Etazini Meksiken



Se lwa ki kontwòle antre ak sòti tout etranje ak meksiken, tankou moun ki an transit ak sejou moun etranje sou teritwa meksiken an.

Se lwa ki etabli estanda pou garanti dwa timoun ak adolesan, li bay kondisyon s priyorite devan nenpòt ki lòt.

Se lwa ki akòde azil politik, ki rekonèt kondisyon refijye ak bay pwoteksyon konplèmantè, epi li etabli baz pou atansyon pou aplikan ak bay asistans ak moun k'ap mande azil oswa refijye sou teritwa nasyonal la. Pou yo ka garanti tout respè dwa moun.

Yo konsidere li tankou youn nan pi gwo lwa nan Meksik. Ou ka fè entèpretasyon li konfòmman nan akò entènasyonal yo. Li etabli ke nan Meksik pou nou tout jwi dwa moun nou.



Dwa ke yo garanti mwen



Nou tout nou bezwen bagay ki pou
fè nou rete byen fizikman ak mantal-
man. Menm si nou tout nou diferan
epi nou pap viv menm bagay, gen kèk
aspè ki dwe kouvri pou ou ka viv ak
diyite; pwiske w'ap reyalize on vwayaj,
m'ap mande w nan seksyon k'ap vini
an pou w ekri yon lis nesesisite w ki
dwe kouvri pou ou ka byen epi an
sekirite.

1.

2.

3.

4.

5.

Kounye a ou ekri nesesite w yo, kite m di ou, pou kouvri yo, li nesesè pou gouvènman yo garanti dwa-delòm yo; anba ou pral rankontre on seri de dwa ki enpòtan pou w konnen

yo epi pou egzije yo pandan vwajaj la. Kalifye yo ! Tyeke (✓) sa ki atire atansyon w yo ak sa ou egzèsè yo lè w rive Meksik ; Mete yon ti kwa (X) ak sa ou pa konnen yo oswa sa yo pa garanti w yo, mete on pwen entèwogasyon (?) so usa kip a klè pou ou yo, aprè pataje yo ak yon lòt moun epi si li nesesè ou ka ede yon pèsònèl sipò pou w pa rete ak dout.

▶ Tout otorite yo dwe panse ak ou an premye, byennèt ou ak devlopman ou nan tout desizyon yo. Anvan imigran, ou se yon fi, yon gason, yon adolesan.

▶ Ou gen dwa pou yo respektè vi w, pou gen ase pou w ka siviv ak yon devlopman an sante.

▶ Ou dwa lib pou w deplase kote w vle andedan peyi a tankou nan yon lòt peyi.

▶ Pèsonn pa ka arete w pou sitiyasyon legal ou, Lalwa imigrasyon nan atik 111 lan pale de sa, kèlkeswa si w ap vwayaje ak yon granmoun ou pa.

▶ Pèsonn pa ka separe w de fanmi w sof si ou an danje nan men yo.

Lè ou nan yon pwosesis epi ou pa gen kote pou ou rete, gouvènman an ap mete w nan yo note pou w ka dòmi, epi li pral chache asire l ke ou toujou ak fanmi w. Nan ka ou ta separe de yo, yo dwe asire yo pou reYini fanmi an ki separe a.

▷ Ou egal devan lalwa ak nenpòt ki lòt timoun oswa adolesan epi pèsonn moun pa ka diskrimine w pou sèks ou, ras ou, orijin etnik ou ak sitiyasyon legal ou. ☐

▷ Ou pa ta dwe tounen on kote kote vi w an danje. ☐

▷ Ou gen dwa pou yo enfòme w, pou w patisipe ak eksprime opinyon libreman nan tout sijè ki afekte w. ☐

▷ Ou gen dwa pou w swiv pwosesis la kòm sa dwa, sètadi sa ki ekri nan lwa yo ak règlerman yo sou kondisyon imigrasyon. ☐

▷ Gen yon gwoup otorite ki rele sistèm pwoteksyon konplè pou timoun ak Adolesan ki gen obligasyon pou asire pwoteksyon w ak pwoteksyon tout timoun ak adolesan migran yo. ☐

▷ Mezi jesyon imigrasyon yo pa dwe diminye dwa moun timoun ak adolesan yo. ☐

▷ Ou gen dwa pou yo ba w enòmasyon toutan sou sitiyasyon legal ou ak pwosesis w'ap swiv la. ☐

▷ Ou gen dwa pou w kominike ak otorite peyi ou ki nan Meksik epi pou yo ede w nan sa ou gen bezwen. ☐

▷ Ou gen dwa pou w mande pwoteksyon sistèm entènasyonal dwadèlòm nan. ☐

▷ Ou gen dwa a ledikasyon nan Meksik ak yon bagay ki rele edikasyon enklizif, sa vle di yon pwosesis pou w ka adapte w ak pou w ka aprann pi byen. ☐

▷ Ou gen dwa a la sante. ☐

▷ Ou gen dwa pou travay, sou kondisyon legal ki etabli nan Meksik, tankou laj ak ki tip de travay. ☐


Wout Atansyon pou imigran timoun



hey, si ou rive Meksik deja ou byen ou nan wout.

n'ap prezante w wout atansyon pou timoun ak adolesan imigran.

Chache on moman kote w sou wout la epi ekri prensipal difikilte ou te jwenn yo pou otorite yo ka akonpli objektif yo.



Etap 0



Ki moun ki otorite
responsab yo epi ki sa yo fè?

Anvan ou rive nan peyi Meksik,
otorite meksiken yo ap kontwòl
rive ou nan peyi a epi y'ap prepare
pou yo resevwa w.

SRE, INM, SE-SIPINHA

Konsyan de gwoup moun imigran
k'ap antre nan peyi a.

y'ap tyeke jounal ak televizyon.
yo fè visit sou fwontyè.

yo prepare sèvis yo pou lè w rive.

Kijan?

Etap 1



Lè ou antre sou teritwa Meksik la, otorite yo pral lokalize w epi Y'ap idantifye w, epi tou Y'ap mete mezi ijans pou ou kapab b'ye.

Ki moun ki otorite responsab yo epi kisa yo fè?

SSALUD, DIF-CAS, COMAR
PPNHA SINACEM

Detekte si gen timoun ak adolesan k'ap vini nan gwoup la pou kont yo oswa yo akonpaye ak fanmi yo.

Kijan?

Yo ale sou fwontyè yo oswa kote imigran yo ap antre a. Yo fè yo sonday ak/oswa yo fè entèvyew ak yo ak anpil respè. Si w bezwen èd ijans tankou sante, pwoteksyon, ou b'ye ou te viktim v'olans, Y'ap mennen ou nan enstitisyon ki responsab yo pou yo kaba w asistans imedyatman.

Etap 2



Ki moun ki otorite responsab yo epi kisa yo fè?

Lè ou Meksik, otorite yo pral detèmine sa ki pi bon pou ou ak devlopman w.

PPNHA, SALUD
DIF-CAS, PPNHA

Etabli sa ki pi bon pou ou a pou Yon pi bon devlopman tankou priyòrite.

Yo bay mezi ki pou pwoteje w. Otorite yo kreye Yon plan ki pou retabli dwa w yo kote Y'ap kowòdone yo Yon ak lòt.

Kijan?

Etap 3



Kounye a ou Meksik, otorite yo pral retabli dwa w yo ki te vyole yo.

Ki moun otorite responsab yo epi ki sa yo fè?

INM, COMAR, DIF, SALUD SEP, FGR, Parquets de l'Etat, CEAV, RENAPO

Kijan?

Y'ap ba w asistans nan tout sa w gen bezwen pou garanti dwadelòm ou epi pou bay PPHNA notifikasyon.

Y'ap ede w pou yo regle kondisyon legal ou si sa posib oswa y'ap ede w pou retounen nan peyi w. Y'ap ede w nan zafè papye idantite w. Y'ap akonpaye w nan demach kondisyon refijye w la. Y'ap ba w atansyon nan sante. Y'ap ba w edikasyon. Y'ap ede w legalman pou ou ka gen aksè a lajistis.

Etap 4



Si w'ap rete Meksik, otorite yo ap prepare w epi yo ap ede w nan tranzisyon sa pou w ka gen on vi endepandan.

Ki moun ki otorite responsab yo pi kisa yo fè?

PPHNA, DIF, INM, SSALUD, SEP, CONAPRED, BIENSTAR, RENAPO

Otorite yo pral ba w lòt sèvis ak lòt relasyon ki pral ede w genyen yon vi endepandan.

Kijan?

Y'ap ka ba w oryantasyon sou pwogram prevansyon ak tretman dwòg. Yo pral kapab konekte w ak pwogram sipò nan zafè lasante mantal, nitrisyon ak/oswa sante seksyèl epi repwodiktif. Yo pral enskri w nan kèk pwogram fòmasyon pou w ka devlope konpetans pwofesyonèl ou.

glosè:

BIENESTAR: Secretaría del bienestar / Sekretèri Byennèt Sosyal.

CAS: Centro de Asistencia Social / Sant Asistans Sosyal.

CEAV: Comisión Ejecutiva de Atención a Víctimas / Komisyon egzekutif pou Atansyon a moun Viktim yo.

COMAR: Comisión Mexicana de Ayuda a Refugiados / Komisyon Meksiken Èd pou Refijye.

CONAPRED: Consejo Nacional para Prevenir la Discriminación / Konsèy Nasyonal pou Prevni Diskriminasyon

CRM: Conferencia Regional sobre Migración / Konferans Rejyonal sou Migrasyon

FGR: Fiscalía General de la República / Ministè Jeneral Repiblik la

INDESOL: Instituto Nacional de Desarrollo Social / Enstiti Nasyonal Devlopman Sosyal

INM: Instituto Nacional de Migración / Enstiti Nasyonal Migrasyon

PPNHA: Procuraduría Federal, Estatal y Municipal de Protección de Niñas, Niños y Adolescentes / Ministè Federal, eta ak Minisipal pou Pwoteksyon Tifi, Tigason ak Adolesan.

RENAPO: Registro Nacional de Población / Rejis Nasyonal Popilasyon.

RENAVI: Registro Nacional de Víctimas / Rejis Nasyonal Viktim yo.

SE: Secretaría Ejecutiva / Sekretèri Egzekitif.

SEP: Secretaria de Educación Pública / Ministè Iedikasyon Piblik.

SINAGEM: Sistema Nacional de Control Escolar de Población Migrante / Sistèm Nasyonal Kontwòl Lekòl Pou Popilasyon Imigran yo.

SIPINHA: Sistema de Protección Integral de Niñas, Niños y Adolescentes Migrantes / Sistèm Entegral pou Tifi, Tigason ak Adolesan Imigran.

SNDIF: Sistema Nacional para el Desarrollo Integral de las Familias / Sistèm Nasyonal pou Devlopman Entegral Lafanmi.

SSPC: Secretaría de Seguridad Pública y Protección Ciudadana / Sekretèri Sekirite Piblik ak Pwoteksyon Sitwayen.

CONOCER: Consejo Nacional de Normalización y Certificación de Competencias Laborales / Konsèy Nasyonal pou Nòmalizasyon ak Sètifikasyon Konpetans Travay.

SSALUD: Secretaría de Salud / Ministè Sante

A hand-drawn diagram of a cell. A dashed red line represents the cell membrane, and a solid red line represents the nucleus. The diagram is drawn on a yellow background.










ALDEAS
INFANTILES SOS
INTERNACIONAL



Fondo Canadá



imumi

Instituto para las Mujeres en la Migración A.C.